

Asistans Finerè Kowonaviris (COVID-19)

Pandemi COVID-19 la pote anpil chagren nan anpil fanmi. Nan FEMA, misyon nou se pou ede moun anvan, pandan epi apre dezaz. Nou angaje nou pou ede soulaje kèk nan estrès finansye ak fado viris la te koze.

FEMA ap bay asistans finansye pou depans finerè yo ki gen rapò ak COVID-19 ki te rive apre 20 janvyè 2020.



Pou kalifye pou asistans finerè, ou dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Desè a ta dwe rive Ozetazini, ki gen ladan l teritwa Ameriken yo, avèk Distri Columbia.
- Sètifika desè a dwe endike se COVID-19 ki te koze lanmò a.
- Aplikan an dwe yon sitwayen ameriken, yon resòtisan non-sitwayen oswa etranje kalifye ki te fè depans finerè apre dat 20 janvyè, 2020.
- Pa gen okenn kondisyon ki di pou moun ki mouri a te yon sitwayen ameriken, yon resòtisan non-sitwayen oswa etranje kalifye.

Ki depans k ap kalifye pou ranbousman?

Egzanp depans ki elijib pou sèvis finerè ak antèmman oswa ensinerasyon ka genyen ladan yo transpò pou jiska de (2) moun pou idantifye defen an, transfè kadav la, yon sèkèy oswa sann nan, kav kote yo antere kadav la oswa nich ensinerasyon an, yon mab oswa wòch ki sou tonm lan, sèvis klèje oswa moun ki chante seremoni an, aranjman pou seremoni finerè a, ltilizasyon ekipman oswa anplwaye ponp finèb la, depans pou ensinerasyon oswa depans ki asosye avèk pwodiksyon plizyè sètifika desè.

Ki enfòmasyon mwen ap bezwen pou m bay FEMA?

Pou aplike pou asistans, ou pral bezwen pou bay enfòmasyon annapre yo:

- Non w, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, adrès lapòs avèk nimewo telefòn pou kontak ou yo.
- Non, nimewo sekirite sosyal ak dat nesans pou chak defen.
- Lokal oswa adrès kote defen an te mouri a.
- Dokiman ak resi pou tout asistans ou te deja resevwa nan men lòt sous yo, tankou asirans entènman oswa finerè, donasyon, ajans volontarya yo, lòt pwogram gouvènman yo oswa òganizasyon non pwofi yo.
- Si nou toulède oumenm oswa yon lòt moun te genyen depans finerè pou menm defen an (yo), ou kapab bay moun sa a tou kòm yon ko-aplikan. — mete non yo, nimewo sekirite sosyal ak dat nesans yo nan aplikasyon an.

KIJAN POU MWEN APLIKE POU ASISTANS SA A?

Rele Liy Telefòn Dirèk Asistans Finerè FEMA's COVID-19 lan nan
1-844-684-6333
(TTY: 800-462-7585)
apati 9 a.m. jiska 9 p.m. ET,
Lendi – Vandredi epi kòmanse pwosesis aplikasyon an.

Apres ou fin fè aplikasyon ou an, ou kapab kòmanse soumèt dokiman sou entènèt atravè sitwèb [Disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), pa faks 855-261-3452.

Ou kapab voye dokiman yo tou pa lapòs nan:
COVID-19 Funeral Assistance
P.O. Box 10001
Hyattsville, MD 20782

Ou kapab vizite nou tou sou entènèt nan [FEMA.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance](https://www.fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance).
Yo bay enfòmasyon yo nan diferan lang ni nan telefòn ni nan sitwèb la.



FEMA